МКОУ «Стальская гимназия»

| Рассмотрено : | Утверждено : |
|---|---|
| Зам. директора по ВР | Директор МКОУ «Стальская гимназия» |
| ________ | ________ |
| Гимбатова М.Д. | Гаджимагомедов М.[illegible] |
| « 29 » 08.2023 | «29 » 08. 2023 |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

## по родному (аварскому) языку

## 4 класс (68 ч)

Учитель- Гусейнова Г.О.

2023-2024 учебный год

**4 класс**

**Курс лъазабун лъугIун хадуб кьолел хIасилал**

**Напсиял хIасилал:**

школалдехун ва цIалиялдехун бугеб бербалагьи цIикIкIинаби;

мугIалимасул, цадахъ цIалулел гьалмагъзабазул ва эбелинсул рахъалъан щвараб къиматги хIисабалде босун, жинца жиндиего къимат кьезе бажари;

инсанасул напсалъул лъикIаб хасиятги обществоялда гIадамазул гIумруялда, гьезул гьоркьоблъиялда бухьараб рахъ лъалеблъиги бихьизабулел кIвар ва магIна бугел мурадал цере лъей.

**Метапредметиял хIасилал:**

рахьдал мацI гъваридго лъазабиялдалъун сверухъ тIабигIаталда нахъгIунтIи;

цо сундулниги анализ гьабизеги, гьеб гIаммлъизабизеги, тIелазде бикьизеги, релълъаралда дандекквезеги, гьелъулъ къваригIараб жо балагьизеги, гьеб хисизеги бугеб бажари лъугьин;

информациялъулаб культураялда бухьарал (ай цIалиялъул, хъвадариялъул, цIалул тIехьгун хIалтIиялъул) бажариял куцай;

цо сундулниги план гьабизе, гьелда хадуб хал кквезе, гьелъие къимат кьезе, мухIканго мурад лъезе, гъалатI ал ритIизаризе бугеб бажари лъугьин;

мацӀалъул бечелъи бичӀчӀи ва щулияб гьоркьоблъи гьабизе гьелдаса пайда босизе бажари;

хурхен гьабиялъул батӀибатӀиял масъалаби тӀуразариялъе гӀоло каламалъул ва мацӀалъул алатал хӀалтӀизаризе щвалде щун лъай;

**Предметиял хӀасилал:** Рахьдал мацӀалъул курс лъазабулаго, ункъабилеб классалъул цӀалдохъаби ругьунлъула:
лъазарурал каламалъул бутӀабазул гӀаламатал рихьизаризе;

предложениялъул тайпа цоял членазул гӀаламатал рихьизаризе;

гъалатӀал риччачӀого, малъарал битӀунхъваялъул къагӀидабиги цӀунун, 60–70 рагӀи бугеб диктант хъвазе;

геминатал ва лабиалиял гьаркьал рихьизарулел хӀарпал гьорлъ ругьел рагӀабазул фонетикияб разбор гьабизе;

рагӀул гӀуцӀиялъул разбор гьабизе (рагӀулъ кьибил, суффикс, аслу ва ахир бихьизабизе);

рагӀул морфологияб разбор гьабизе (предметияб цӀаралъул байбихьул форма, жинс, цолъул ва гӀемерлъул форма, падеж; прилагательноялъул жинс, цолъул ва гӀемерлъул форма; глаголалъул байбихьул (мурадияб) форма, заман, цолъул ва гӀемерлъул форма, жинсиял глаголазул жинс бихьизабизе);

предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе (предложениялъул тайпа чӀезабизе, бетӀерал членал рихьизаризе, суалаздалъун бетӀерал членаздаги бетӀерал гурел членаздаги гьоркьоб бухьен чӀезабизе);

тайпа цоял členалгун предложениял каламалъулъ хӀалтӀизаризе;

тексталъул тема чӀезабизе ва гьелъул аслияб пикру загьир гьабизе;

тексталда цIар лъезе;

тексталъул план гIуцIизе;

хабарият, сипатиял ва пикрияал текстал ратIарахъизе ва гьел каламалъулъ хIалтIизаризе;

лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипатсурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, изложение хъвазе;

лъилниги, сундулниги хIакъалъулъ сипатсурат гъорлъе ккезабун, сочинение хъвазе;

кIалзул ва хъвавул каламалъулъ хабарият, суалият, тIалабият ва ахIул предложениял ратIа рахъизе ва гьездаса пайда босизе;

тIиритIарал предложениял, тайпа цоял членалгун предложениял ва журарал предложениял цоцаздаса ратIа рахъизе ва каламалъулъ битIун хIалтIизаризе.

**Авар мацIалъул курс**

**Лъабабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби**

**Гьаркьал ва хIарпал**. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Геминатал. Лабиалиял гьаркьал. Е,ё,ю,я хIарпал. Й гьаракь ва хIарп. Щ, Ш рагьукъал гьаркьал ва хIарпал. Ъ гьаракь ва хIарп. Ь хIарп.

**РагIул гIуцIи** (кьибил, ахир, аслу ва суффикс). Кьибил цоял рагIаби. РагIул аслуялъулъ кколел рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хисабасиял.

**Каламалъул бутIаби.** Каламалъул бутIаби хIисабалда предметиял цIаразул, прилагательноязул, глаголазул гIаламатал гIаммлъизари: гIаммаб магIна, суалал, гьезул хисуларел ва хисулел категориял, предложениялъулъ гьез тIубалеб хъулухъ.

**Каламалъул бутIа хIисабалда предложение.** Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун, предложениялъул тайпаби. Предложениялъул ахиралда лъалхъул ишараби. Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал. Предложениялъулъ рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен. РагIабазул дандрай.
**Текст.** Тексталъул тайпаби. Тексталъул тема ва аслияб пикру загьир гьаби. Текстална цIар лъей. Тексталъул бутIаби ва гьезда гьоркьоб бугеб бухьен.
**Предложение.** Предложениялъул тайпа цоял членал. Предложениялъул бетIерал ва бетIерал гурел членал (гIаммаб бичIчIи). Предложениялъул тайпа цоял членал (гIаммаб баян). Тайпа цоял членал союзазул кумекалдалъунги ва союз гьечIогоги цолъизари. Тайпа цоял членалгун предложениял гIуцIизе ва гьел битIун цIализе ругьун гьари. Тайпа цоял членазулъ лъалхъул ишараби. Союзазул кумекалдалъунги ва союз гьечIогоги цолъизарурал тайпа цоял членалгун гIадатал предложениял ва журарал предложениял цоцазда дандекквей.
Текст Тексталъул хIакъалъулъ щварал баянал гIаммлъизари: тексталъул тема ва гьелъулъ аслияб пикру загьир гьаби, тексталда цIар лъей, тексталъул гIуцIи ва гьезда гьоркьоб бугеб бухьен, тексталъул план гIуцIи.

**Каламалъул бутIаби. Предметияб цIар**
Цолъул формаялда предметиял цIарал падежазде свери. Предметиял цIарал падежазде свериялъул тайпаби: I свери, II свери, III свери. ГIадатал падежал: аслияб падеж, актив падеж, хаслъул падеж, кьовул падеж. Гьезул ахиразул битIунхъвай. БакIалъул падежал.11 Гьезул ахиразул битIунхъвай. ГIемерлъул формаялда предметиял цIарал падежазде свери.

**Прилагательное.** Прилагательноялъул лексикияб магIна, гьелъие лъолел суалал ва предложениялъулъ гьелъ тIубалеб хъулухъ.
Прилагательное жинсалъулъ, цолъул ва гIемерлъул формаялъулъ хиси.

Предметияб цIарлъун хIалтIизарурал прилагательноял падежазде свери.

Прилагательноязул битIунхъвай.

**ЦIарубакI.** Каламалъул бутIа хIисабалда цIарубакI. ТIоцебесеб, кIиабилеб ва лъабабилеб гьумералъул цIарубакIал. ЦIарубакIал каламалъулъ хIалтIизариялъул хаслъи. Гьумералъул цIарубакIал падежазде свери. ЦIарубакIазул битIунхъвай.
**Глагол**
БакIалъул падежазулгун, жидеда цIарал абичIого, практикияб къагIидаялъ лъайхъвай гьабула.

Каламалъул бутIа хIисабалда глагол: глаголалъул лексикияб магIна, глаголазул суалал. Глаголияб цIар. Глаголалъул байбихьул (мурадияб) форма. Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал, жинсиял глаголал жинсгун цолъул ва гIемерлъул формаялде хиси. Глаголал заманабазде хиси: араб, бачIунеб ва гIахьалаб заманалъул гIадатал глаголал; араб, бачIунеб ва гьанже заманалъул составиял глаголал. Глаголазул битIунхъвай.

**Наречие.** Каламалъул бутIа хIисабалда наречие. Гьелъул лексикияб магIна ва суалал. Наречиял каламалъулъ хIалтIизари. Каламалъулъ гIемер хIалтIизарулел наречиязул битIунхъвай.
**Словарияб хIалтIи**. Каламалъулъ битIараб ва хъвалсараб магIнаялъул рагIаби, синонимал ва антонимал хIалтIизари.
Текст. Бухьараб калам цебетIезаби

Текст ва гьелъул аслияб пикру загьир гьаби. Тексталда цIар лъей. Хабарияб, сипатияб ва пикрияб тексталъул гIуцIи. Киназго цадахъ ялъуни жалго ургъун, гIуцIараб планалда рекъон, сипатсурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, изложение хъвазе лъай. Сураталдасан хабарияб сочинение, хъвазе лъай. Цо лъилниги

Наречиязулгун цIалдохъабаз, учебникалдаса яги жидецаго гIуцIарал текстазул анализ гьабулаго, практикияб къагIидаялъ лъайхъвай гьабула. Гьелда тIаса щвараб лъаялъул даражаялъул хал гьабуларо. Словариял хIалтIаби тIолго лъагIалида жанир гьарула. Калам гIуцIизе ругьун гьариялъул хIалтIаби тIолго цIалул соналда жанир тIоритIула.

Ругьунлъиялъул изложениял ва сочинениял тIоритIизе, хасал дарсазе литературияб цIалиялъе бихьизабураб заманалдаса ичIго сагIат кьун буго. Яги сундулниги хIакъалъулъ, сипатсурат гъорлъе ккезабун ялъуни жиндирго пикру загьир гьабун, сочинение хъвазе лъай. Текст гIуцIулаго, эпитетаздаса, метафораздаса, дандекквеяздаса, олицетворенияздаса, гьединго синонимаздаса, антонимаздаса ва гь.ц. пайда боси.

**ЛъагIалида жаниб малъараб материал лъазаби.** Предложениялъул хIакъалъулъ щвараб лъай гIаммлъизаби.
Каламалъул бутIаби хIисабалда текст ва предложение. Каламалъул бутIаби.
Берцинго хъвай Берцинго хъваялъе ва хатI къачIаялъе программаялда хасаб заман бихьизабун гьечIониги, цересел классаздаго гIадин, гьанибги берцин хъваялде ва хатI къачIаялде кидагосеб кIвар кьела. БитIун хъвазе захIматал рагIаби: бакъанигIуж, бакIабахари, бакъдебусс, бекIкIи, БецIкъварилъи, Сулахъ гIор, ГIарахъмегIер, волейбол, вортахъети, вуцIцIухIун, гъадибусен, бадисабадибе, кIалагъоркье, махсароде, рекIетIа, гьанжегогьанже, гьанамахI, гьитIинкилищ, гьоркьобакI, гIалагъважа, гIамалквеш, гIамалберцин, гIоркIкIен, гIурччинхер, журагъуран, тIадерахъи, малъухъе, дандерижи, захIмалъи, инжилъи, комбайн, экскурсия, шофер, кIийида, ункъида, лъаблъабккун.

Учебно-тематикияб план

| № х/ц | Главаялъул ц1ар | Саг1тал |
|---|---|---|
| 1. | Лъабабилеб классалда малъараб материал такрар гьаби | 19 |
| 1. | Текст | 1 |
| 1. | Каламалъул бутIаби. Предметияб цIар | 5 |
| 1. | Прилагательное | 9 |
| 1. | ЦIарубакI | 7 |
| 1. | Глагол. | 16 |
| 1. | Предложениял. Предложениялъул тайпа цоял членал | 11 |

| | | |
|---|---|---|
| | Кинабниги | 68 |

**Календарно-тематикияб план**

| № х\ц | Дарсил тема | Саг1ат | Бихьизабураб къо | |
|---|---|---|---|---|
| | | | Программияб къо-моцI | ХIужжаялъулаб къо-моцI |
| 1. | Предметияб ц1ар | 1 | | |
| 1. | Хасал ва г1аммал предметиял ц1арал | 1 | 7.0 | |
| 1. | Предметияб ц1аралъул цолъул ва г1емерлъул форма. Раг1абазул диктант | 1 | | |
| 1. | Предметияб ц1аралъул цолъул ва г1емерлъул форма | 1 | | |
| 1. | Предметияб ц1аралъул жинс ва форма. | 1 | | |
| 1. | Диктант | 1 | | |
| 1. | Предметияб ц1аралъул г1адатал падежал. | 1 | | |
| 1. | Предметияб ц1аралъул г1адатал падежал. Аслияб, актив падежал | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Творческияб диктант | 1 | | |
| 1. | Предметияб ц1аралъул г1адатал падежал. | 1 | | |
| 1. | Хаслъул ва кьовул падежал | 1 | | |
| 1. | Падежал такрар гьари. | 1 | | |
| 1. | Падежал такрар гьари. | 1 | | |
| 1. | Диктант | 1 | | |
| 1. | Бак1алъул падежал. Лъиде? Лъида? | 1 | | |
| 1. | Лъихъ? (хъе?хъан?) Сундухъ? (хъе?хъа(н)? | 1 | | |
| 1. | Лъилъ?Лъилъе? Лъилъа(н)? Сундулъ? (-е?-ан?) | 1 | | |
| 1. | Лъилъ?Лъилъе? Лъилъа(н)? Сундулъ? (-е?-ан?) | 1 | | |
| 1. | Лъикьа? Сундукь?(е,а),Киб? Кибе? Киса?(н) | 1 | | |
| 1. | Грамматикиял тIадкъаялгун т1асахъвай | 1 | | |
| 1. | Предметияб ц1ар такрар гьаби | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Предметияб ц1ар такрар гьаби | 1 | | |
| 1. | Изложение «Героч» | 1 | | |
| 1. | Предметияб ц1ар такрар гьаби | 1 | | |
| 1. | Предметияб ц1ар такрар гьаби | 1 | | |
| 1. | Прилагательноялъул лексикияб магIна | 1 | | |
| 1. | Прилагательноялъул лексикияб магIна | 1 | | |
| 1. | Прилагательноялъул форма хиси | 1 | | |
| 1. | Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант | 1 | | |
| 1. | Прилагательноял синонимал ва антонимал. | 1 | | |
| 1. | Прилагательноял синонимал ва антонимал. | 1 | | |
| 1. | Прилагательноял синонимал ва антонимал. | 1 | | |
| 1. | Прилагательноязул битIунхъвай | 1 | | |
| 1. | Сочинение | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Каламалъул бутIа хIисабалда цIарубакI. | 1 | | |
| 1. | Т1оцебесеб гьумералъул ц1арубак1ал | 1 | | |
| 1. | К1иабилеб гьумералъул ц1арубак1ал | 1 | | |
| 1. | Лъабабилеб гьумералъул ц1арубак1ал | 1 | | |
| 1. | Прилагательноял синонимал ва антонимал. | 1 | | |
| 1. | Ц1арубак1азул бит1унхъвай | 1 | | |
| 1. | Сураталдасан сочинение | 1 | | |
| 1. | Глагол. Глаголал синонимал ва антонимал | 1 | | |
| 1. | Глагол. Глаголал синонимал ва антонимал | 1 | | |
| 1. | Глаголалъул заманаби | 1 | | |
| 1. | Изложение. Рит1уч1ил т1инч1. (х1.174) | 1 | | |
| 1. | Глаголияб ц1ар | 1 | | |
| 1. | Глаголияб ц1ар | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Глаголал заманабазде хиси. Араб заманалъул гIадатал глаголал; | 1 | | |
| 1. | Составиял глаголал. Гьанже заман | 1 | | |
| 1. | Составиял глаголал. Бач1унеб заман | 1 | | |
| 1. | Изложение | 1 | | |
| 1. | Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал | 1 | | |
| 1. | Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал | 1 | | |
| 1. | Глаголазул ахиралда –ине, -изе. Раг1абазул диктант | 1 | | |
| 1. | Глагол такрар гьаби. | 1 | | |
| 1. | Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант | 1 | | |
| 1. | Анализ. Такрар гьабиялъул х1алт1и | 1 | | |
| 1. | Предложениял. Хабариял, суалиял ва ах1ул предложениял рак1алде щвезари. | 1 | | |
| 1. | Предложениялъул бет1ерал членал рак1алде щвезари.Раг1абазул диктант | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1. | Предложениялда жанир маг1наялъул рахъалъ рухьарал раг1аби | 1 | | |
| 1. | Тайпа цоял членал | 1 | | |
| 1. | Тайпа цоял членал цолъизарулеб куц | 1 | | |
| 1. | Грамматикиял тIадкъаялгун т1асахъвай | 1 | | |
| 1. | Тайпа цоял предложениялъулъ лъалхъул ишараби | 1 | | |
| 1. | Тайпа цоял членазда цадахъ Я, ЯЛЪУНИ, АММА союзал | 1 | | |
| 1. | Тайпа цоял членазда цадахъ Я, ЯЛЪУНИ ,АММА союзал | 1 | | |
| 1. | Грамматикиял тIадкъаялгун контролияб диктант | 1 | | |
| 1. | Такрар гьаби | 1 | | |

МКОУ «Стальская гимназия»

Рассмотрено :
Зам. директора по ВР
____________
Гимбатова М.Д.

« 29 » 08.2023

Утверждаю :
Директор МКОУ
«Стальская гимназия»
____________
Гаджимагомедов М.Я.

«29 » 08. 2023

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

## по родной (аварской) литературе
## 4 класс (34ч)

Учитель- Гусейнова Г.О.

2023-2024 учебный год

Авар адабият 4 класс (34с.) 1

Программаялъе баян

Программа хIадур гьабуна байбихьул школалда тIуразаризе хIисабалде росарал хIасилазулги, обществоялда чиясул хьвада-чIвадиясул къагIидабазда бухьараб концепциялъулги, Байбихьул школалъул лъай кьеялъул федералияб пачалихъияб стандарталъулги кьучIалда. Адабияб цIали байбихьул школалъул системаялда аслиял предметазул цояб ккола. Гьелъ рахьдал мацIалда цIалиялъул махщел ва тексталда тIад хIалтIиялъул бажари лъугьинабула, художествияб литература цIалиялде интерес бижизабула ва лъимералъе рухIияб ва эстетикияб тарбия кьезе, гьесул гIакълу цебетIезабизе квербакъула. Гьединго литературияб цIалиялъул курс тIадегIанаб даражаялда лъазабиялъ рес кьола байбихьул классазул цогидал предметазда лъикIал хIасилал рихьизаризе.

Мурадал: Байбихьул школалъул литературияб цIалиялъул курс буссун буго гьал хадусел мурадал тIуразариялде: - бичIчIун, битIун, чвахун ва пасихIго цIализе гъваридго лъазаби; батIибатIиял тайпабазул текстазда тIад хIалтIизе бажаруледухъ, калам цебетIезаби; тIехьалдехун ва цIалиялдехун бугеб интерес щулалъизаби; цIалиялъул даража борхизаби ва, жалго жидедаго чIун, асарал цIалиялъулъги къваригIараб тIехь тIаса бищиялъулъги хIалбихьи букIинаби; - художествиябгин творчествоялъулаб ва нахъгIунтIиялъулаб пагьмуги, художествиял асарал цIалулаго, чидае рекIел асар загьир гьабизе бугеб бажариги цебетIезаби; рагIудехун берцинаб (эстетикияб) балагьи лъугьинаби ва художествияб асар бичIчIизе бажари; - художествиял асараздалъун байбихьул классазул цIалдохъабазул рухIияб хIалбихьи бечелъизаби; рухIияб асаралъул ва гьудуллъиялъулги, жавабчилъиялъулги, лъикIлъиялъулги, ритIухълъиялъулги хIакъалъулъ бичIчIиял куцай; Дагъистаналъул ва цогидал миллатазул культураялъул адаб-хъатир гьабизе цIалдохъаби куцай.

Программаялъул аслияб т1алаб: литератураялде лъималазе рокьи базаби; чвахун ва пасих1го ц1алильъул бажари камиллъизаби; малъулел асаразул гъварилъуде раккизе ва аслияб пикруялда(идеялда) хадур гъезе к1везелъун, анализалъе авалияб роцада лъимал ругьун гьари, т1ахьал ц1ализе гъира-щавкъ бижизаби.

IV классалда киналго цIалдохъабаз хехго, ритIун, ричIчIун, рагIабиккун текстал цIалула. Слогалккун цIалиялъул магIна ккола цIалдохъаби цIалулъ нахъахутIи. ЦIалул хехлъи минуталда жаниб 70–80 рагIуде бахуна.

ЦIализе малъиялда цадахъ программаялъ кIвар буссинабула накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясда гIенеккизе, гьес бицараб жоялъул анализ гьабизе, гьелдаса аслияб, кIвар бугеб батIа бахъизе, гьединго бицараб жо мухIкан гьабизе, суалал кьезе бугеб бажари лъугьинабиялде.

Х1алт1изабураб литература: Авар мацI ва адабият. 4 – классал. ХIалтIул программаби / ХI.С. Вакилов. – 1 себ басма. – МахIачхъала, 2014.

**.Рагьараб календарно - тематикияб план 4 класс**

| № п/п | Название темы | Кол-во часов | Д/з. | Дата |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Р. Х!амзатов « Маг!арулал». | 1 | гь. 3 | |
| 2 | Ц!.Х!амзат «Ц!алдохъан». | 1 | гь.4 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 3 | Х!адисил ирсилав | 1 | гь.8 | |
| 4 | Русланги Людмилаги. | 1 | гь.16 | |
| 5 | Хъах!илаб ц!ад. Хасалихълъи. | 1 | гь.17 | |
| 6 | Класс тун къват!исеб ц!али. | 1 | | |
| 7 | Къарумги Сахаватги. | 1 | | |
| 8 | К/ц.Изложение | 1 | гь.25 | |
| 9 | Пионер Лена | 1 | гь.34 | |
| 10 | Церги бакьучги | 1 | гь.43 | |
| 11 | Кицаби ва абиял. | 1 | гь.50 | |
| 12 | Т!абиг!аталдехун маг!арулазул бербалагьи | 1 | гь.58 | |
| 13 | Маккалги чанахъанги | 1 | гь. 63 | |
| 14 | Класс тун къват!исеб ц!али. | 1 | | |
| 15 | Гьит!инав найихъан | 1 | гь.78 | |
| 16 | Ват!ан.Эбелги т!анч!иги | 1 | гь.90 | |
| 17 | К\ц.Сочинение | 1 | гь.92 | |
| 18 | К!удил маргьа. | 1 | гь.106 | |
| 19 | Рек1еда вати.Адаб. | 1 | гь.110 | |
| 20 | Гьудуллъи. | 1 | гь.116 | |
| 21 | Класс тун къват!исеб ц!али. | 1 | | |
| 22 | Нилъер умумузул г!акълаби. | 1 | гь.129 | |
| 23 | Гьудуллъиялъул кеч!. | 1 | гь.134 | |
| 24 | Гьудул.Р.Рашидов. | 1 | гь.139 | |
| 25 | К\ц.Изложение. | 1 | | |
| 26 | Хасел.Ц!.Х!амзат. | 1 | гь.153 | |
| 27 | Гьит!инаб ёлка. | 1 | гь.156 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 28 | Бит!арабищ. | 1 | гь.163 | |
| 29 | Т!абиг!ат берцинаб их. | 1 | гь.169-171 | |
| 30 | Рахъухъирщ. | 1 | гь.176 | |
| 31 | Нилъер адабият ва маданият. | 1 | гь.186 | |
| 32 | Нилъер районал | 1 | | |
| 33 | Муг!рузул улка. | 1 | гь.193 | |
| 34 | Маг!арул халкъалъул мац!ал. | 1 | гь.206 | |